

Getih!

Carpon Tw Sastradiredja

Rohangan Jurusan Élmu Sosial wangunna pasagi. Manjang ka tukang. Aya rohangan kelas opat pahareup-hareup. Di antara kelas aya *perpustakaan*. Béh hareup pisan aya rohangan Satpam. Tungtung kénca aya kamar cai, deukeut gudang.

Tah lebah dinya, lebah lawang panto kamar cai, deukeut gudang. Getih ngabayabah semu geuneuk. Kalah awak mani terus tingsariak.

Jam salapan kuring indit ka kampus. Padahal kuliah jam sabelas. Pareng waktuna jam kuliah, dosénna teu asup. Geus lima kali pertemuan. Mangkaning minggu hareup geus rék UTS. Sabot hulung-huleng di jero kelas, Aci kalah ngajakan ngawangkong. Ngomongkeun Maya.

Nyaho kuring gé ka Maya mah. Geulis. Mahasiswi Jurusan Sosial, pamaen teater, aktris terbaik sa-Bandung Raya.

“Tah enya si éta, si Maya. Tukang ngarebut kabogoh batur!!” Aci bangun keuheuleun pisan.

Maya geus ngarebut kabogoh Aci? Bingung kuring gé, iraha teuing Aci boga kabogoh?

Der Aci cacarita. Keur tingkat hiji kénéh manéhna kungsi boga kabogoh. Dudi. Tapi geus putus! Tina caritaan Aci mah, aya hal nu béda antara manéhna jeung Dudi lebah napsirkeun prinsip ajén jeung norma dina bobogohan. Cék Aci kénéh, Dudi kaasup lalaki anu napsirkeun ajén jeung norma bobogohan téh dumasar kana pasualan biologis wungkul. Saruana jeung si Maya cenah.

“Béréhan teuing tuda si Maya mah. Komo ieu ka pantar ucing kawas si Dudi,” cék Aci deui teu weléh jejebris.

Der téh atuh, aya kajadian nu ngageunjeungkeun fakultas. Na saha nu miceun orok di kamar cai?

Sawatara bukti nyampak kénéh. Pihak fakultas geus ngonték pulisi. Saméméh pulisi datang kuring geus tunya-tanya ka satpam, saha waé nu geus asup ka rohangan fakultas.

“Mung aya Bu Erni, penjaga perpustakaan anu sumping tabuh lima subuh. Kalerasan cenah nuju milari buku referensi kanggo mahasiswa anu badé bimbingan skripsi,” cék Satpam.

Jam lima? Na teu kurang subuh?

Cék Satpam kénéh, kira-kira jam tujuh, aya mahasiswi duaan kaluar ti rohangan perpustakaan. Cenah mah geus jangjian jeung Bu Erni pikeun mawa buku keur referensi téa. Ari jam satengah

dalapanan jol mahasiswa nu ngajemput mahasiswi nu duaan téa. Rada anéh cenah, mahasiswi nu hiji mah leumpangna disangkéh. Saha-sahana mah teu sidik, kawantu wanci rada poék kénéh.

“Mung nu terang téh nu sok maén téater téa,” omong Satpam deui bangun anu teu yakin. Kaharti, tuda Satpam téh ngakuna sapeupeuting ngadon gapléh jeung babaturanana.

Panasaran, kuring muru ka kamar cai hayang nyidikkeun getih nu ngabayabah kénéh tina kérésék hideung. Teu jauh tina kérésék bet kapanggih aya ali pérak, sisi panto kamar cai. Ari gigireun panto perpustakaan aya bungkusan. Barang dibuka, sihoréng “pél”! Hmm, pélnanahaon? Basa ditanyakeun ka babaturan farmasi, pokna téh, “Atuh éta mah pélnanahaon? Bahaya!”

Ngagugurkeun janin? Duh, kumaha nya pipetaeun? Kuring gancang lumpat ka tempat parkir. Bet kasampak mobil Dudi? Ditelek-telek mah asa taya nu anéh, iwal ti posisi jok supir nu rada jangkung. Kuring balik deui ka perpustakaan, panasaran hayang nelekeun di lebah dinya. Tapi da taya nu anéh deuih di dinya gé. Ngan baé barang ningali panto perpustakaan, katangén panto téh bangun nu ruksak. Katangén deuih aya konci ngagantél, bangun nu henteu pas. Naha konci naon?

Hmm, aya kahémeng nu ngalamuk na lelembutan. Kalah terus dieunteupan ku kacanggaya kana sakabéh nu dicaritakeun ku satpam. Naha saha atuh ieu téh nu ngalahirkeun, jeung saha nu mantuanana?

Pabeubeurang, sawatara jam ti saprak kapanggih layon orok, mahasiswa réa nu ngomong cenah nu boga dosana téh Maya jeung sobatna, Mila. Maya jeung Mila? Asa teu percaya! Kapan sidik Maya jeung Mila mah tadi isuk gé arasup kuliah sakumaha biasa.

Siti, mahasiswa Jurusan Komunikasi, babaturan kos Maya nu ngaliarkeun éta iber téh. Laporan cenah ka ketua jurusan. Cenah kira-kira jam tilu subuh Maya jeung Mila kaluar ti kamar bari gesat-gesut mawa kantong nu metet. Pasangrok jeung Siti nu harita karék balik ti cai sanggeus wudu rék tahajud. Maya jeung Mila bangun nu kagétéun nempo Siti. Barang ditanya ku Siti, cenah kakara balik dugem tuluy rék kaluar deui néangan dahareun. Tapi nepi ka tadi isuk teu jebul deui. Kamar kosna gé disosi kénéh.

Maya nu boga polahna? Hmm, tapi bisa jadi! Da enya, gosip perkara Maya nu kakandungan téh geus nerekab ti dua bulan ka tukang. Buktina, awak Maya katénjo ngarekahan. Turug-turug aya nu kungsi nganyahoankeun Maya onggék-onggék di WC.

Lila uleng mikir perkara éta. Dijujut ti awal tepi ka ahir, hayang sina pertéla sabab-akibat tina sagala rupa gerak jeung saban adegan dina ieu kajadian. Gebeg téh, kalah manggih kacindekan nu teu disangka-sangka. Kiclik baé muru ka rohangan Pa Hadi, ketua jurusan. Kuring geus boga kacindekan sorangan. Pok kuring nyarita, “Sakumaha nu tos disaurkeun ku satpam téa, palakuna mah asa sanés Maya, nanging réréncanganana. Sedengkeun nu marajianana nya éta Bu Erni, penjaga perpustakaan. Sadaya buktos parantos lengkep. Kantun investigasina baé.”

Di luar, rombongan pulisi geus narungtutan datang. Tuluy mariksa tempat kajadian. Maya, Mila, Penjaga Perpus, jeung Dudi geus dipanggil ka rohangan Ketua Jurusan. Éta nu opatan téh dititah ngaku nyaritakeun kajadian nu saenyana.

“Kuring mah teu pipilueun. Kuring mah ukur difitnah!” kitu ngakuna Bu Erni téh bari rawah-riwih.

Kalah ngabaretem saterusna mah nu opatan téh. Ketua Jurusan gé bangun nu teu bisa nanaon deui. Kuring miheulaan ngadadarkeun kajadian nu saenyana. “Kira-kira jam lima kurang Maya jeung Mila geus aya di rohangan jurusan. Susulumpit, waktu satpam keur rame kénéh maraén gapleh.”

Nu opatan baralem kénéh ngadéngékeun katerangan ti kuring. Pok deui kuring neruskeun, “Mila jeung Maya nungguan Bu Erni sababaraha menit. Saméméhna, palaku téh geus nginum péi pikeun ngagugurkeun janin. Jam lima Bu Erni datang ka jurusan bari saméméhna lapor heula ka satpam rék néangan buku pikeun kapentingan mahasiswa. Naha bet kudu datang jam lima? Naha henteu jam genep atawa jam tujuh? Mun enya éta buku dipaké pikeun referensi atawa bimbingan, apan Mila jeung Maya mah karék tingkat dua?”

Nu opatan ukur ceuleumeut ngadéngékeun katerangan kuring téh. Kuring beuki norolang cacarita, “Kira-kira jam lima leuwih Mila asup ka kamar cai, duaan jeung Bu Erni. Maya nungguan hareupeun kamar cai. Teu leuwih ti dua puluh menit Mila kaluar, disangkéh ku Bu Erni. Tayohna layon orok mah ditunda di kamar cai. Ari Mila saterusna ganti baju nu geus disiapkeun ku Maya.

Kira-kira jam genep kurang Maya jeung Mila lumpat ka buruan tukang jurusan pikeun bebenah naon-naon nu kudu disumputkeun jeung nu kudu dibawa. Ari Dudi, harita téh aya di tempat parkir, ngadagoan Mila jeung Maya. Sanggeus kaluar ti kamar cai téa, sarta sanggeus mikeun Mila ka Maya, Bu Erni mah bébérés di jero kamar cai pikeun mersihan getih jeung miceun bukti-bukti séjénna. Dasar kudu kabongkar, cai di kamar mandi téh ngadak-ngadak teu ngocor. Ku kitu téh Bu Erni jadi samar polah. Reuwaseun ka dituna mah. Tuluy muru ka perpus. Buru-buru ngasupkeun barang-barangna kana laci teuing nu mana. Tuluy disosi.

Tah, dina kaayaan kitu, datang Satpam keketrok panto perpus. Sigana mah bakat ku reuwas, Bu Erni nunda konci dina panto nu geus ruksak bari api-api milihan buku dina erak. Harita gé satpam kungsi ngobrol jeung Bu Erni. Keur kitu, Maya jeung Mila datang nepungan Bu Erni mikeun duit minangka buruh ngaaborsi. Maya gé reuwaseun barang ningali satpam keur ngobrol jeung Bu Erni téh. Nu kahartieun ku Satpam mah, Maya datangna ka perpus téh rék nyokot buku referensi téa! Teu tunya-tanya, satpam gé jung baé indit. Enya, Maya gé ngemplong sanggeus satpam indit mah. Teu kungsi lila, Dudi datang ngajemput.”

Cék kuring téh, Satpam moal nyangka Mila keur gering, da puguh beungeutna gé teu pucet-pucet acan. Éta kajadian bérés dina jam dalapan. Sedengkeun jam dalapan téh perpustakaan geus kudu buka. Ngan nu pasti, Bu Erni teu kaburu méresan nanaon deui. Kaburu mahasiswa rabul mantén datang muru ka perpustakaan. Maya jeung Mila gé teu kaburu balik ka kosan deuih, iwal ti ukur istirahat dina mobil Dudi, kitu gé ukur sajameun da apan kudu asup kuliah jam salapan.

Kitu kuring nembrakkeun nu kapanggih ku kuring ka Ketua Jurusan.

Maya, Mila, Dudi jeung penjaga perpustakaan ukur olohok bari beungeutna semu nu ambek waktu kuring rérés cacarita kitu téh.

Barang bérés cacarita, Dudi ngancam ka kuring, yén mun teu kabukti rék ngalaporkeun kuring! Tapi kuring teu ngarasa lewang da mémang geus yakin. Katambah ku ngébréhkeun bukti-bukti.

“Minangka katerangan tambahan, saenyana aya deui barang bukti mangrupa buntelan. Dua. Sangkan Satpam teu curigaeun, buntelan nu hiji dibikeun ka Bu Erni pikeun disumputkeun, nu hiji deui mah dibawa. Sigana aya kénéh dina mobil. Ayeuna pariksa baé laci nu aya di perpustakaan. Tuluy pariksa deuih konci nu ngagantung dina panto perpustakaan nu geus ruksak. Kadé kaliwat, pariksa buntelan nu aya handapeun jok mobil Dudi. Tah anu leuwih hébat mah, kulantaran aktif dina téater, Maya pinter metakeun *acting* nepi ka *nga-make-up*. Enya, Mila *dimake-up* sataker kebek sangkan teu katingali pucet. Da cacak mun Mila sina leumpang sorangan, tangtu Mila téh bakal teu nangan, atawa ngoléang. Pasti. Atuh jalma nu karék ngalahirkeun kalawan paksa, dipaksa sina jagjag. Bener, tina beungeut mah teu katingali sepa. Tapi da fisik mah moal ngabobodo.”

Cindekna, cék kuring téh, palaku nu ngaaborsi téh nya éta Mila, lain Maya. Ari nu ngaaborsina nya éta Bu Erni, penjaga perpustakaan téa.

“Pikeun nguatkeun ieu katerangan, sacara teu langsung kuring kungsi ngobrol ngalér ngidul jeung Bu Erni sawatara waktu katukang. Bu Erni nyebutkeun kungsi gawé di klinik bersalin,” cék kuring.

Nu opatan beuki ngabigeu. Semu nu teu percaya ka kuring nu perténtang ngadadarkeun sagala rupana.

Hiji deui bukti nu pamohalan bisa dipondah, nya éta aya ali pérak nu kapanggih handapeun panto kamar cai.

“Ieu ali saha?” kuring nanya. Nu opatan téh kalah patuding-tuding! Malah Maya keukeuh nyebut fitnah ka kuring.

“Tingali di tukangna aya ngaran saha?” Tanya kuring deui. Kabéh bangun nu reuwaseun. Mila harita kénéh ngagubrag, pingsan. Nu tiluan teu bisa kukumaha. Pulisi nangkep opatanana.

Isukna aya dina Koran. Di dinya disebutkeun yén nu milampah aborsi téh nya éta Mila nu diparajian ku Bu Erni. Maya jeung Dudi di-*Drop Out*. Atuh Bu Erni gé dipecat sacara teu hormat.

Sabulan ti harita, Siti kungsi ngalongok Mila. Siti kungsi nanya naon sababna Mila ngagugurkeun kandunganana, padahal Mila téh geus tunangan? Alesanana mah pédah orok nu keur dikandung téh lain anak tunanganana. Ari pangna orok ditunda di kamar mandi mah nya éta lantaran geus taya waktu pikeun miceunna, jeungna moal aya nu nyangka yén Bu Erni nu boga lampahna.

“Kuring gé ngarasa salah duméh Maya jeung Dudi jadi milu katempuhan. Malah tepi ka di-DO,” pokna semu dumareuda.***

Kamer Tongkéng, 2012

Dimuat dina Majalah Manglé taun 2012